QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ

2023 - yil 17 - yanvar 21-13-0-Q/23 Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Qaraqalpaqstan Respublikası jer resurslarınan paydalanıw boyınsha mámleketlik jer esabınıń juwmaǵı haqqında

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 7-sentyabrdegi «Jer esabı hám mámleketlik kadastrların júritiw sistemasın túpten jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı PP-6061-sanlı Pármanı hámde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 22-iyundaǵı «Mámleketlik kadastrların júritiw tarawın tártipke salıwshı ayırım-normativ-huqıqıy hújjetlerdi tastıyıqlaw haqqında»ǵı 389-sanlı qararınan kelip shıǵıp hám Kadastr agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasınıń 2023-jıl 5-yanvardaǵı 6-sanlı xatına tiykarlanıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi

**Q A R A R E T E D I**

1. Mámleketlik kadastrlar palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasınıń «Qaraqalpaqstan Respublikası jer iyeleriniń hám jerden paydalanıwshılardıń barlıq jer maydanları hám olardıń jer túrleri boyınsha bóliniwi haqqında»ǵı 2023-jıl 1-yanvar jaǵdayına esabı qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl xojalıǵı ministrligine Kadastr agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması menen birgelikte:

-jerlerden awıl xojalıǵında maqsetli paydalanıw hám onıń meliorativ ahwalın jaqsılaw boyınsha hár bir xojalıqtıń esabın hákimiyatlarda hám ministrliktiń kollegiya májilislerinde qarap shıǵıp, xojalıq basshılarınıń, jerden paydalanıwshılardıń bul máselege juwapkershiligin arttırıw;

-jer fondınan tolıq paydalanıw boyınsha qatań qadaǵalaw ornatıw hám awıl xojalıǵı eginlerin jaylastırıwda almaslap egiw sistemasın engiziwdi támiyinlew;

-jerlerdiń meliorativ ahwalınıń tómenlewine hám suwǵarılatuǵın jerlerdiń

awıl xojalığında paydalanıwǵa jaramsız bolıp qalıwına jol qoymaw, tarqatılmay bos turǵan jer maydanların belgilengen tártipte mákemelerge, kárxanalarǵa, fermer hám diyqan xojalıqlarına ajıratıp beriw boyınsha ilájlar kóriw;

-jer máselelerin retlestiriw boyınsha mákemelerge, kárxanalarǵa, fermer hám diyqan xojalıqlarına jerlerdi ajıratıw, qaytarıp alıw hám jerden nátiyjeli paydalanıw haqqındaǵı hákimiyat qararları, kadastr agentliginiń rayon hám qala bólimleri menen birlikte Ózbekstan Respublikası Jer kodeksine hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń «Jer haqqında»ǵı Nızamına tiykarlanǵan hújjetlerdi rásmiylestiriw tapsırılsın.

3. Respublikanıń qala hám rayon aymaqlarındaǵı kárxana hám shólkemlerge awıl xojalıq maqsetlerinde paydalanıw ushın ajıratıp berilgen jer maydanların elektron sanlı kartalarǵa esapqa alıw hámde mámleketlik dizimnen ótkeriw maqsetinde jer fondı hám jer túrleri boyınsha esabatlarǵa tiyisli ózgerisler kiritilsin.

4. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı D.Kaypovqa júklensin.

**Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi Raisini vaqtincha vazifasini bajaruvchi** **N. Erlepesov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 17 yanvardagi
21-13-0-Q/23-son qaroriga
1-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası jer fondınıń jer iyeleri hám jerlerden paydalanıwshılar boyınsha bóliniwi haqqında**
**E S A B Í**

| № | Jer iyeleri hám jerden paydalanıwshılar | Jer maydanı (ga) |
|---|---|---|
| 1 | Awıl xojalıǵı massivleri, shirket hám fermer xojalıqları jerleri | 1702362 |
| | sonnan: | |
| | a) Awıl hám suw xojalıǵı ministrligine qaraslı | 852254 |
| | b) Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı basqa dizimlerge qaraslı | 850107 |
| 2 | Basqa ministrlik, shólkemler hám kárxanalarǵa qaraslı jerler | 4481306 |
| 3 | Awıl xojalıǵı ilim izertlew mákemeleri hám oqıw orınlarına qaraslı | 53942 |
| 4 | Járdemshi awıl xojalıǵı kárxanaları | 4737 |
| 5 | Menshiklestirilgen fermalar | 286 |
| 6 | Barlıq awıl xojalıq kárxanaları hám shólkemleriniń paydalanatuǵın jerleri | 6242635 |
| | a) Ijaradaǵı fermer xojalıqları | 704807 |
| 7 | Elatlı punktler, qalalar hám qalalıq posyolkalar jerleri | 33461 |
| 8 | Sanaat, transport, baylanıs, qorǵanıw hám basqada maqsetlerde ajıratılǵan jerler | 56331 |
| 9 | Tábiyattı qorǵaw, den sawlıqtı bekkemlew, dem alıs orınları ushın ajıratılǵan jerler | 2194851 |
| 10 | Tariyxıy, mádeniy maqsettegi jerler | 2896 |
| 11 | Toǵay fondı jerleri | 6462633 |
| 13 | Gidrotexnikalıq hám basqa da suw xojalıǵı qurılmaları hámde kanal boyı jerleri | 81111 |
| 14 | Mámleketlik jer qorı | 1582207 |
| | **Jámi respublika boyınsha paydalanatuǵın jerler** | **16656123** |
| | a) Respublikanıń administrativlik shegaralarınan tısqarıda Qaraqalpaqstan Respublikası paydalanıp atırgan jerler. | |
| | Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyasınan basqa respublikalar, oblastlardıń paydalanıwındaǵı jerler. | 2972 |

| № | Jer iyeleri hám jerden paydalanıwshılar | Jer maydanı (ga) |
|---|---|---|
| | **Qaraqalpaqstan Respublikası administrativlik shegarası aymaǵındaǵı jerler** | **16659095** |
| | Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha barlıq suwǵarılatuǵın jerlerdiń túrleri boyınsha bóliniwi | |
| 1 | Barlıq súrim jerler | 418807 |
| | sonnan: | |
| | meliorativ awhalı jaman jerler | 139329 |
| 2 | Jámi kóp jıllıq terekzarlar | 7961 |
| | Sonıń ishinde | |
| | a) baǵlar | 2454 |
| | b) júzimzarlar | 149 |
| | v) tutzarlar | 2396 |
| | g) miywe-nálxanaları hám basqa kópjıllıq terekzarlar | 2961 |
| 3 | Boz jerler | 14211 |
| 4 | Pishenzarlar | 25104 |
| 5 | Jaylawlar | 10658 |
| 6 | Awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın jer túrleriniń jámi | 476741 |
| 7 | Puqaralardıń jeke járdemshi xojalıqlarınıń jerleri | 39309 |
| 8 | Baǵshılıq hám palızshılıq birlespeleri jerleri | 94 |
| 9 | Toǵayzarlar | 830 |
| | **Jámi suwǵarılatuǵın jerler** | **517040** |